




Nozibèl ak twa cheve li yo  
Nozibele and the three hairs



 Tessa Welch

Wiehan de Jager

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 3

 kreyòl ayisyen  ht / English  en




# Global Storybooks


[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

Nozibèl ak twa cheve li yo /

Nozibele and the three hairs

 Tessa Welch

Wiehan de Jager


 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

(ht)



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0).  
<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>






Nan tan lontan, twa ti fi tal chache bwa nan yon rakbwa.

...


A long time ago, three girls went out to collect wood.



Te fè cho anpil jou sa a kidonk timoun yo  
desann nan rivyè a pou yal benyen. Yo jwe, yo  
voje dlo yonn so lòt, yo naje, yo amize yo nan  
dlo an.

...


It was a hot day so they went down to the river  
to swim. They played and splashed and swam in  
the water.



Lè sa a, chen an konprann ke Nozibèl tap pase'l  
nan tenten. Chen an pran kouri jis li rive nan  
vilaj la. Men, frè Nozibèl tap tann li ak gwo baton  
nan men yo. Chen an kase tèt tounen epi yo pa  
janm wè li ankò.

...


Then the dog knew that Nozibele had tricked  
him. So he ran and ran all the way to the village.  
But Nozibele's brothers were waiting there with  
big sticks. The dog turned and ran away and has  
never been seen since.



Briskeman, yo reyalize ke te kòmanse fè ta. Yo depeche yo tounen nan vilaj yo.

...


Suddenly, they realised that it was late. They hurried back to the village.



Lè chen an tounen li chache Nozibèl "Nozibèl, ki kote ou ye?" "Mwen isit anba kabann lan," premye cheve a reponn. "Mwen isit dèyè pòt la," dezyèm cheve an reponn. "Mwen isit nan chodyè a" twazyèm cheve an reponn.

...


When the dog came back, he looked for Nozibele. "Nozibele, where are you?" he shouted. "I'm here, under the bed," said the first hair. "I'm here, behind the door," said the second hair. "I'm here, in the kraal," said the third hair.



Lè yo prèske rive, Nozibèl pase men li nan kou li  
enpi li wè ke li te bliye chenn li! Li mande zanmi  
li yo "Tanpri tounen avè'm!". Men zanmi yo  
reponn ke li te twò ta.

...


When they were nearly home, Nozibele put her  
hand to her neck. She had forgotten her  
necklace! "Please come back with me!" she  
begged her friends. But her friends said it was  
too late.



Touswit kè chen an pati, Nozibèl pran twa cheve  
nan tèt li. Li mete yon grenn cheve anba kabann  
lan, yonn deyè pòt la, ak yon nan chodyè a. Apre  
sa a, li kouri al lakay li.

...


As soon as the dog had gone, Nozibele took  
three hairs from her head. She put one hair  
under the bed, one behind the door, and one in  
the kraal. Then she ran home as fast as she  
could.



Se konsa Nozibèl tounen larivyè a pou kont li. Li jwenn chenn li enpi li kouri pou'l ale lakay li. Men li pèdi nan mitan wout lan paske te fè nwa anpil.

...


So Nozibele went back to the river alone. She found her necklace and hurried home. But she got lost in the dark.



Chak jou Nozibèl te gen pou'l kwit manje, pou'l bale, pou'l lave pou chen an. Yon jou, chen an di Nozibèl "Nozibèl, mwen gen pou'm al wè kèk zanmi. Bale kay la, kwit manje an enpi lave bagay yo anvan mwen tounen. "

...


Every day she had to cook and sweep and wash for the dog. Then one day the dog said, "Nozibele, today I have to visit some friends. Sweep the house, cook the food and wash my things before I come back."



Pi lwen, li wè yon ti limyè kap klere yon ajoupa.  
Li kouri nan direksyon an enpi li trape sou pòt la.

...


In the distance she saw light coming from a hut.  
She hurried towards it and knocked at the door.



Aprè sa a, chen an di li "Fè kabann nan pou  
mwen!" Nozibèl reponn, "Mwen pa janm fè  
kabann pou chen." "Fè kabann lan oswa map  
mòde ou". Se konsa, Nozibèl fè kabann pou  
chen an.

...


Then the dog said, "Make the bed for me!"  
Nozibele answered, "I've never made a bed for a  
dog." "Make the bed, or I'll bite you!" the dog  
said. So Nozibele made the bed.



Li pa janm sezi konsa lè li wè se te yon chen ki louvri pòt la. Chen an mande'l "Ki sa ou bezwen?" Mwen pèdi sou wout mwen, mwen bezwen yon kote pou'm dòmi", "Antre oswa map mòde ou!" chen an di li. Se konsa, Nozibèl antre nan ajoupa a.

...

To her surprise, a dog opened the door and said, "What do you want?" "I'm lost and I need a place to sleep," said Nozibele. "Come in, or I'll bite you!" said the dog. So Nozibele went in.



Aprè sa a, chen an di li "kwit yon manje pou mwen!" Nozibèl reponn "Men, mwen pa janm kwit manje pou chen" "Kwit oswa map mòde ou!". Se konsa, Nozibèl kwit manje pou chen an.

...

Then the dog said, "Cook for me!" "But I've never cooked for a dog before," she answered. "Cook, or I'll bite you!" said the dog. So Nozibele cooked some food for the dog.